



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 18 out 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BENEFISYÈ \$340 MILYON NAN FINANSMAN PRE-MATÈNÈL**

***Pwogram lan ankouraje kreyativite atravè konpetisyon; yo te bay prim yo pou pwogram jounen konplè pre-matènèl nan New York.***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke benefisyè \$340 milyon dola nan finansman pou pwogram jounen konplè pre-matènèl pou 81 distri lekòl ak òganizasyon yo ki baze sou kominote nan tout eta, te louvri espas jounen konplè salklas pou preske 37,000 timoun. Finansman an, enkli nan bidjè eta 2014-15, nan premye tranch lan kòm yon pati nan angajman Eta pou investi \$1.5 bilyon dola sou yon peryòd senkan pou bati yon pwogram inivèsèl jounen konplè pre-matènèl nan tout eta. Pwogram jounen konplè pre-matènèl deziyen pou ankouraje inovasyon ak kreyativite atravè konpetisyon.

“Fòm ak edike jèn espri yo se youn nan investisman ki pi entelijan nou kapab fè antanke Eta, jan etid demontre ke pre-matènèl gen yon enfluyans pozitif ki dire lontan sou edikasyon ak siksè nan avni timoun yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Bidjè Eta ane sa a gen ladan yon gwo investisman nan edikasyon bonè, mete eta New York nan chemen pou l vini katriyèm eta nan peyi a pou etabli jounen inivèsèl pre-matènèl. Prim yo nap anonse jodia pral pèmèt plizyè dizèn milye timoun ale nan klas pre-matènèl, ak reprezante yon lòt etap nan travay eta pou prepare elèv nou yo pou yo fè konkirans nan ekonomi 21<sup>yèm</sup> syèk la.”

Etid montre ke timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram swen ak edikasyon bonè gen plis chans pou li nan nivo klas la epi diplome nan lekòl segondè e bon jan jan kalite pwogram jounen konplè pre-matènèl la an patikilye kredite nan pwodwi ogmantasyon enpòtan nan pèfòmans elèv la nan matematik ak lekti pou elèv yo kap patisipe nan klas dezyèm ane ansanm avèk diminye pousantaj pou double klas la.

Antou, 81 aplikan pral resevwa finansman anba pwogram jounen inivèsèl pre-matènèl nan tout eta, reprezante tout rejyon yo nan eta. Pwogram sa pral lakoz nan nouvo jounen konplè plasman pre-matènèl epi konvèti plasman demi-jounen ki egziste deja an plasman jounen konplè ki satisfè egzijans nouvo pwogram lan. Tout benefisyè yo pral gen obligasyon pou demontre estanda pwogram kalite -- asire bon jan kalite swen ak edikasyon bonè.

Haitian Creole

Ko-lidè majorite sena Jeff Klein te deklare, “Angajman nou pou finanse antyèman pre-matènèl inivèsèl make yon tounan istorik nan eritaj edikasyon New York. Nan sipòte gwo pwogram tankou sa yo, nap asire ke jèn sitwayen nou yo pral gen aksè a bon jan kalite edikasyon preskolè ke yo merite kòmanse nan mwa septanm sa a.”

Prezidan Asanble a Sheldon Sivler te deklare, “Pou plis pase 17 ane, majorite asanble a te defann pre-matènèl inivèsèl. Timoun New York yo se byen ki pi presye nou genyen e yo se pi gwo espwa nou pou pwochen siksè ekonomik. Nou dwe ogmante aksè a pwogram kalite ki kapab lakoz nan reyisit akademik alontèm chak nan timoun nou yo bezwen epi merite. Pou fè sa, nou dwe bay finansman enpòtan, renouvlab ak dirab pou elaji pwogram jounen konplè ansèyman wo kalite nan chak rejyon nan eta. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Majistra Bill de Blasio ki te konsanti pou yo fè patenarya ak gwo defansè pandan ke nap pran etap enpòtan sa nan lit ki ankou pou bay tout jèn timoun yo opòtinite pou grandi ak pwospere la nan New York.”

Majistra Vil New York Bill de Blasio te deklare, “Nou fyè dèske nou genyen Gouvènè Cuomo kòm yon patnè solid nan fè Pre-K pou tout timoun vini yon reyalite pou timoun vil New York yo. Finansman sa reprezante yon angajman pwisan pa Eta pou bati yon nouvo fondasyon edikasyon solid ki pral transfòmè lekòl nou yo. Nap travay san relach pou sezi bon opòtinite sa pou bay nouvo opsyon pre-k, amelyore sa ki egziste deja epi bati yon sistèm wo kalite ki elve chak timoun.”

Komisyonè Edikasyon Eta New York John B. King, Jr. te deklare, “New York ap fè gwo investisman nan edikasyon timoun piti, e investisman sa pral peye enterè pou deseni kap vini yo. Konsèy Gouvènè yo te plede pou pre-k pandan plizyè ane. Kounye a vizyon ak angajman Gouvènè Cuomo ak lejislati a pral ede fè pre-k inivèsèl yon reyalite epi ede plizyè milye timoun ak fanmi yo bati yon avni ki pi bon. Klèman, gen travay ki rete toujou. Chemen pou bon jan kalite pre-k inivèsèl pral pran kèk ane, men se bon bagay nou dwe fè pou timoun nou yo ak pou eta nou an.”

Robert Reidy, direktè egzekitif Sipè-entandan Konsèy Lekòl Eta New York te deklare, “Timoun ki gen difikilte nan lekòl e ki anreta bezwen tan pou ratrape. Pi bon strateji nou se pou bay timoun yo tan siplemantè a epi ede nan kòmansman lekòl yo – kidonk yo pap janm rete dèyè. Pwogram jounen konplè matènèl pral ede plis lekòl bay yon pi bon kòmansman pou plis nan timoun nou yo. Pwogram lan adrese yon bezwen ijan nan lekòl nou yo e nou pral travay avèk lidè yo nan eta pou asire li delivre pwomès sa.”

Timothy Kremer, direktè egzekitif Asosyasyon Komisyon Skolè Eta New York, te deklare, “Enpòtans ki genyen nan edikasyon timoun pa kapab egzajere. Bay opòtinite ansèyman bonè pou timoun yo ki gen laj twa ak katran ka ede yo devlope pi bon konpetans literè ak fikse fondasyon pou yon tranzisyon ki gen siksè nan edikasyon K-12. Nap rete tann avèk enpasyans jou kote tout distri lekòl yo ap bay eksperyans ansèyman ki solid pou tout jèn apranti nou yo.”

Pwogram sa reprezante pi gwo pwolongasyon jounen konplè pre-matènèl nan istwa Eta New York e li adapte a \$385 milyon dola ki egziste deja nan finansman UPK ak \$25 milyon nan pwogram jounen konplè pre-matènèl ki te pwopoze epi adopte pa Gouvènè a nan ane 2013-2014.

Lis konplè benefisyè \$340 milyon dola nan pwogram jounen konplè inivèsèl pre-matènèl tout eta [disponib la](#). Prim yo preliminè, annatandan revizyon ak apwobasyon kontwolè Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE